Щымыґґъыхаэу император хъащІ Калигула и адэ-къуэш Клавдий. ИтІани, ґуущІэґъуншэ дыдэу къыщІэ-кІащ. Унафэр щІыэщІэльа ильъэ 13-м я щхьэхэр палъащ сенатор 35-м, лІакъэхэ-лІэщхэу 300-м щІигъум. Абы щыґъуэми, хуабжьу щыґґупщхэт: и ефэґъуэхэм ящыщ ґуэр щхьэпэльэ иригъэщІу етІуанэ махуэм абы хуригъэ-хьэфынт ефэ-ешхэм езы-гъэблагъэ тхыґъэ.

Клавдий фІэфІ Іэфы-шхэн. Псом хуэмыдэу зыхи-лъхьэ щыІэтхэщІ, Іэґъэ-бэґу хуэкъэр. Аращ зытекІуэ-гуфІэу икІи къафэу уэрамэ-хэм къыдыхьат уэру.

Тиберий иужьк1э императорыґъэр лъысащ абы и къуашьи и къуэ Август Германник, «Калигула» цІэмкІэ тхыдэм жаґзыІуэу къыщІэкІащ.

Ящэщ1ыкІэ щІыхуэхэр игъэсыжар абыхэм трат-хыКІахэр арауэ, езы дэфтэр дыдэхэр къигъэнауэ. Абы къриклуахэм зыпагъэлІаъ-къым. Псом хуэмыдэу бэлыхь хэхуар сенаторхэрщ. КІуэ пэтми, нэхъри ирі-гъэлёрт. Император ныбжьыщІэм езым тхъэуэ зы-къилъытэжащ икІи игъуэ-ващ абы хуащІ пщІэм хуэдэ езыми иІэн хуейуэ. И бюстэр тхъэелъэІуплІэхэм щІа-гъэуваш. Калигула зэпымыу-гъ ищхьэкІэ щІэ тхъэм еІуащащэрэ зыґуэрхэр къибжьырт. Абы къивхэр уафэм къеха хуэдэт. Театр гъэлъэ-гъуэныгъэхэм, унэхэр ухуэ-нымк мылъкуущэ тригъэ-кІуадэрт. Мыбдеж къыщІэ-гъэсэбэпырт тезыр зытралъ-хьаэхэм къытрахахэр. Ар хьэбыршыбыгъэкІи те-кІуэжащ Тиберий. Сенаторхэр игъэпудын папщІэ аэхэр ирихухІэрт езым и шым щхьэщІэ хуащІыну.

Залымым ягу ебґащ императорым и ґвардием хэтхэ-ми, 41 гъэм щІышылэм и 24-м ар иукІащ абыхэм я унафэщІ Кассий Херее.

Щымыґґъыхаэу император хъащІ Калигула и адэ-къуэш Клавдий. ИтІани, ґуущІэґъуншэ дыдэу къыщІэ-кІащ. Унафэр щІыэщІэльа ильъэ 13-м я щхьэхэр палъащ сенатор 35-м, лІакъэхэ-

СССР-р зэракъутар

Ди газетым тетащ дыґъэґъаэз мазэр тхыдэм къыхэна Іуэху куэдхэмкІэ гъэнщІауэ зэрыщытар. Абыхэм увыпІэ щхьэхуэ щаубыд СССР-р къызэрызэрагъэпэщамрэ (1992 гъэм дыґъэґъаэзм и 30-м) ар зэракъутэжамрэ (1991 гъэм дыґъэґъаэзм и 8-м). Нобэ зи гугъу тщІынур ар напэншагъэ хэлъу зэрагъэлъэпъэжарщ, къиша зауэ-банэхэу, къаґъэхэу кІэ зимыІэхэзрщ.

ЩІэдзапІэ

ДЭ ДЕСЭЖАЩ ди гъунэґу Ставропольем щыщ Горбачёв Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу хаха иужь ди къэрыгъэр щыхупІэм хуищауэ зэрыжаІэм. Икіи ар пэжщ, ауэ куэдрэ и гугъу ящІырыкъым ар апхуэдэ лъагапІэм зэрыгъэнэса щІыкІэм. Мыр насыпырыхь лотереем хуэдэ тельыджэщ.

Псоми щыщІидзар 1947 гъэм и гъэмахуэм ВКПб-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я Советымрэ гъавэр кІэрыхуищхэ икІи псынщІэу къэхьалІэжьыным теухуауэ къыдагъэкІа унафэрщ, мис а щхьэмыжищым щхьэкІэ цІыхухэр ягъэтІысу щыщыта зэманым. Дафтэрым къыщІэгъэлъэґуат лэжьыгъэм къыщыхэжаныкІэхэр зэрагъэпэжэнурэ. Ґэдз центнер мини 10 кІыщІэзэІыуКІ комбайнёрым фІащырт «Социалист Лэжьыґъэм и ПІыхьжь» і цІэр. Дамыґъэ лъапІэхэр хуаґъэфэщынрэ ад-рейхэми. Центнер мини 9-м щІигъу къыщІиІыкІати, Горбачёв Сергей Денин орденыр ираташ, абы и дэлэпыкъуэґу и къуэм ГуащІэдэкі Бэракъ Плышь дамыґъэр лъагъэ-саш. ЖьІэн хуейщ дэІэпыкъуэґъуэм щІэзыхуэз щІэзымыІар, абыхэм я нэхъыбэрн езы комбайнёрхэм я бынхэрат: трудодень нэхъыбэ ґнаґъуэм къэкІуэн папщІэ хатхэрт. Михаил и орденыр и пиихьэнэкІэ ди къэралым щыетІуанэт. Иджы щІалэм и дежкІэ зэІуэат Совет Союзым ефэжапІэ нэхъыщхьэу итым я бжэхэр. Зэрыґурыуэґъуэщи, экзаменыншэу. Абы къыдэкІуэм партиим хагъэхьат. Михаил Москва къэралуниверситетым и юрфакультетхэм, зэрыщІэтІысхьэуи, курсым и комсоорг ящІащ. Мыґуэу щхьэґъуэсэ хуэхъуащ Раисэ Максимовнэ. ЖьІэн хуейщ и адэ Сергей и нысэм нэмыпІэ ириту зэрыщытар. Дипломыр къыІэрыхьа иужь и лъахэм иґъэзэжащ, ауэ прокурорым и къуэдзэу щылэжьэну къыхуаґъэлъэґъуэ районым кІуэн идакъым, и узынщагъэр зэрымыщІагъэм къыхэкІыу. И фызыр дожутыр кІэлъыплъынырэ щІэтын хуейуэ тегъэщІапІэ ищІри комсомолым и Ставроль къалэ комитетым лэжьэн щыщІидзащ. Абдеж къыщыґурыуащ къулыкъум и ІэфІагъыр, ищхьэрэ дэкІуеиным и къару псори ирихьэлІащ. Псом ящэу хьэжь щІыхуащ гумызагъэу, жьджэру зыкъигъэлъэґъуэн зэрыхуейр. ФэрыщІыгъэм хуэІэзэт. Пщэдджыжьым жьІуэ лэжьакІуэ кІуэрти щІыхьэпІэ кьытеувэрт къакІуэжэм, псом хуэмыдэу унафэщІхэм, яІущІэрти, гуапэу сэлам ярихьрт. Аузэ къулыкъукІэ дэкІуеІуэу щІидзащ. СССР-м и вагъуэр кьуэзыґъэхьэжьнум езым и вагъуэр къыщІэкІырт...

Жэрдэмырщ псом ящхьэр

Комсомолым, иужькІэ партым сыт хуэдэ Іэнатіэ щиІыґъами Горбачёв Михаил псом ящэ иригъэщІыр жэрдэмырт. Абы сыт щыґъуи фІэфІт щІэґуэрхэр зэхьыхьэну икІи къыфІэІуэхґъэкъым ар хуэмыґъэщІэнуми. Псалъэм и хэтыркІэ, КПСС-м и Ставрополь крайкомым и ящэ секретару щыту чэтхэм я пІэкІэ мэлхэм бетонкІэ гъэжа фермэхэр яхуригъэщІу хуежьащ. АрщхьэкІэ щагъэтэныкІ хуей хьуащ: зэмыца щытыкІэм кьыхута Іэщщыр Іей хьурт. Е, кьэтІэнэти, Австралиде жьыжьэм щызэкІуэ мэл гъэхъуэкІэм тригъэхьэну зэрыхуущІэкъуар. Ар кьызэригъэкІт: хьупІэр Іыхьиблу зэпыухІати, мэлхэр щагъэхъуІэ, зым ирагъэкІыурэ адрейм ягъэІэпхъуэрт. Апщондэкуікъ удзыр зэкІэлъыкІуэу кьытеувэжырт. АрщхьэкІэ континент щхьэнтІэм щыдуриссыр дыґъэр уэру зытепсэ икІи уэґъур зыхуэлъэ тафэ щІыпІэхэм къыщемыізґъыу къыщІэкІащ. Ауэ ар зэкъралым ягъэлеиуэ щагъэзвуэуэ щытащ ди ґъунэґу щылнальэм и Ипатовэ районым къыщагупсыса ґъавэ ІуэхьжьыкіэщІэр. Ари зытещІыхьар кьызэрыґуэкІт: комбайнэр зы колхозым и ґъавэм щІэтІ-ти, ар псынщІэу зэщІакъуэрт итІанэ зэґуэсу зэрыщыІуэм ейм хьыхьэрт. Ауэ а «Ипатовэ» Іэмалми ґъащІэшхуэ ящІакъым, адрей кхрахьэжьа Іуэхуущхэм ми хуэдэу. АрщхьэкІэ и кІэлъэнэр игъэзэщІащ: Іэуэльъэуэхуэ кьикІащ.

А псоми ґу ґъызэтэр кьыдэлажьэхэрт. Ищхьэкі щыІэм я дежкІэ Горбачёв ящыпхуі ґубзыґъэт. Къэралым и Іэтащхьэкэр загъэзэхуну Нарт-санэ (Кисловодск) ильэс къэщыкІуэкІэ абыхэм яхуэзэрт икІи ар кьигъэсэбэпырт яґу зэрыригъэхьыныжмкІэ, жьыджэру, акъылыфІэу зыкъигъэзэґъуэнымкІэ. ИпэкІэ а Іэмалыр кьагъэсэбэпат нэхъапэм а къулыкъур зыІыґъахэу партым и ЦК-м и Политбюром хагъэхьа икІи ЦК-м и секретару хаха Суслов Михаилрэ Кулаков Фёдоррэ. Горбачёв абыхэм ящхьэпрыкІыфащ.

ЛъагапІэм утетмэ...

КПСС-м и ЦК-м и секретарь нэхъыщхьэ хуэн папщІэ Горбачёв Михаил кьигъэсэбэпащ Іэмал зэмылІэужьыґуэ дыдэхэр. Абы хуэзфІэкІащ Политбюром хэт нэхъ щІалэхэр и телъхьэ кьищІын, нэхъыщхьэкІэ къыдэзтриґъуэфащ. А зэманым лъэкІыныґъэшхуэ зыбґъэдэлъа Фрымыкэ Андрей занщІэу жриІащ хамэ къэралхэм я правительствэхэм я лІыкІуэхэр зэрезэшар: пІалтэ кІэщІым СССР-м и Іэтащхьэхэу щы щІалъхьат. Абы кьикІырт секретарь нэхъыщхьэу ныбжькІэ нэхъ щІалэ, нэґъуэщІу жьпІэмэ, езыр хахын хуейуэ. Иужьрейм ар диІыґащ. Совет щІыхуэхэм я ґуапэтэкъым лІыжь сымаджэхэр кьулыкъу нэхъ лъагэ дыдэм зэраґъэувыр. Абы кьыхэкІыу куэд ґуфІат жьджэрагъ эхэлъ Горбачёв секретарь нэхъыщхьэу зэрыхахам папщІэ. Апхуэдэуи щыґуґъэІрт яІэщІэужьґэуэ зэхэтыкІэхэм кьытрищу ди кьэралым зэриґъэзэщІыну. Дэнэ щащІэнт кьапэплъэр?..

Арати, кьэсащ перестройкэм (а псалъэр а зэрыщытым хуэдэу инджьлызбэзэм ныхьващ), кІэ зимыІэж реформаэхэм я лъэхъэнэр. ПІалтэ кІэщІым зихъуэжащ ди къэралым и теплъэм. Нахуагъэр (уигу илъыр кьеьхэкІ-нехьэкІ эжмыльу жьпІэмыкІэ хуитыныґъэр) кьаґъэсэбэпри, совет властым гужьґъэжь хуэзІэхэм ди блэкІамкІэ ди лъапІэнэґъэзэмрэ хьэм ираґъэхьу хуежьащ. Республикэхэм кьалъытэу хуежьащ кьаритым нэхърэ дэтхэнэми кьэралым нэхъыбэ хилъхьэу, щІынальэхэми зэныкъуэкъуэхэр кьыщыхьэ́ящ.

КъэралщІыб политикэми зэрыщыґуфІыкІ мыхъуну зэхъуэкІыныґъэхэр кьыщыхуащ. Варшавэ зэґуриІуэныґъэр зэбґрауТынпщыкІыжащ, ауэ абы кьыпэщІэт НАТО-р кьызэтранащ, ари зэбґъэдалеяуэ щыщынэу зэрыщытар. Зы щапхъэ заІуэу: «Эмаи, псоми я ящІыжьыну щІалІам мыпхуэдэу ятхат: «Товарищ Сталиным и телор кьыщІахащ. ЗэдзэкІакІуэр тегушхуатэжьым «Сталиным и хьэдар» жиІэну.

Пэжщ, Хрушёв Никитэ и лъэхъэнэм нэхъ хуиту анэдзэльхубзэм бґъэдыхьэ хуащ, ауэ профессор Рогавэ зи гугъу ищІа комиссэм хуэдэ гуэри кьызэрагъэпэщыну я пІыхьэлІэм кьыхуэзыжьыжьащ, абы дэ хуабжьу дыхуеяв пэтми. Ди газетым езым и тхыкІэ иІэжт, радиори арат. Я мыхьэнэр зыми, я тхыкІэхэпсэлъэкІэкІэ щІэзэщхьэщІыкІ кьэхъурт.

Фэ шэч хэмылъу гу лъыстфауэ кьыщІэкІынщ иужь илъэсхэм ди газетым псалъэ зыкъом щІэуэ кьыщыдгъэсэбэп зэрыхьэм. Псоми я гугъу тхуэшІынкъым, ауэ я кьыхэдгъэщынщ мазэщІэкэр ди бзэмкІэ кьызэрытпсэлъыр. Пэжу ар зыфІэмыкъабыли щІэщэу: сыт къэралхэм я нэхъыбэм кьыщагъэсэбэп мазэщІэкэр щІэзэтхъуэкІар. Дыщцыэнкіи мэхъу, ауэ апхуэдэу щытми, ди мыбдеж псом ящэу зытетщІыхьар ди бзэм и зэфІэкІым зедґъэукъуэдиинырщ.

Къэрал Думэм кьыщыхалъхьа хабзэґъэуэ проектри зыхуэзэнтІар ардыдэрщ.

Махуэкум и къыдэкІыґъэр зыґъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Ди бзэр дывгъэхъумэ!

● Жэрдэм

А къыхуеджэныґъэм ныбжьыщхуэ иІащ, ауэ и мыхьэнэм и пІалъэр икІыркъыкъ. Я бзэм и къэкІуэнум тогуэзвыкъ дунейм лъэпкъыу тетым и нэхъыбэр. Абыхэм ящыщщ бжьґъэкІэ мащІэхэри куэдхэри. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэмыцэхэмрэ франджыхэмрэ.

ГАЗЕТХЭМ зэратхымкІэ, иджыблагъэ УФ-м и Правительствэм Къэрал Думэм кьыщыхилъхьащ урысыбзэм нэґъуэщІу кьыщыбґъэсэбэп мыхъу хамэ къэрал псалъэхэм фІэкІа абы кьыхалъхьэну хуит зымыщІ хабзэґъэуэ проект. КІэщІу жьпІэмэ, нэґъуэщІ къэралыбзэхэм ящыщу кьакІуэ псалъэхэр ягъэмэщІэн хуейщ: Урысейм �щІэныґъэхэмкІэ и академиеи и орфографие комиссэмрэ Урысыбзэмкі президент советымрэ хэт Пахомов Владимир кьыхигъэщащ зи ящхь итыр «УФ-м и къэралыбзэм и Іуэхуқі» законым зэґъэзэхуэжьныґъэр щыхалъхьэкІэ, псалъалъэхэр щІэґъэкъуэн ящыныбрщ. УрысыбзэкІэ жьпІэ зэрыхъунур абыхэм итмэ, кьащтэнукъым, имыитмэ - кьагъэсэбэп хьунущ.

ЩІэн хэлъхъам а хабзэр къаз-эрыхуэщхьэпэнум. Я пэрауэ, иужь зэманым псом хуэмыдэу телевиденэм, дыщрохьэлІэ кьыздикІар кьыдґуурымыІащэу щыт псалъэхэу урысыбзэкІэ тыншу кьыпхуэІуэтэнуэхэм. Щапхъэхэр ґуэнэжщ икІи багъуэ зэпытщ. ЕтІуанэрауэ, ахэр а урысыбзэ дыдэмкІэ ди къэралым щызекІуэ нэґъуэщІ бзэхэмэ хохьэ зыкІи хуэмеёуэ. АрщхьэкІэ псалъалъэхэм ит-имытыр тегъэщІапІэ закъуэ ящыныр тэмэму кьыщІэкІынукъым. Хамэ къэралыбзэм кьикІа «хьэщІэр» кьыщыцынэхуар ахэр кьыдэкІа иужькІуэ кьыщІэкІмэ-щэ?

Ауэ сыт хуэдэу щытми, хабзэґъэуэ проектыр зыхуэунэтІар бзэм и кьабзаґъэр хуэмэнэр араущи, абы пщІэ хуэщІын хуейщ.

НэґъуэщІ Іэхуэщ икІи нэхъ гугъущ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр хуэмэнэр абхъаэхэмрэ яку дэта убыхэхэр. Абыхэм я бзэр зи хуэдэ щымыІэу тепльыдащэт: макъ дэкІуащэ псори зезыІакІуэр макъэешитІ кьыдейт! Абы и ґъуэзу тхыдэм хьыхьэжащ нэґъуэщІ пъэпкъитІи. Нэлуэу зэрыщытщи, и бзэр кІуэдамэ, пъэпкъри щыІэжкъым.

Икіи, дауи, псори къыщежьэр уи анэдэлъхубзэр бґъэшэрыуэнырщ, абы и кьабзаґъэр тхъумэнырщ. БлэкІа лІэщІыґъуэм и 70 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къэкІуауэ щытащ кавказыбзэхэр, псом хуэмыдэу адыґэбзэр, джыным зи гуащІэ хэзыльхьа куржы профессор Рогавэ Георгий. А зэманым студенту щытахэр лекцэ ґъэщІэґъуэн дриґъэдэІуат лингвист цІэрыІуэм. Псом ящэ иригъэщащи рекволюцэ нэужькъм щІэныґъэлІэр зэхуэсу я бзэм и щытыкІэмкІэ комиссэ кьызэрызэрагъэпэщарт. Абы унафэ кьыщащтащ куржьбзэм зэрызрагъэужьыну хабзэкъэм ятеухуауэ, сыт хуэдэ псалъэхэр кьыхэґъэхьэн, сыт хуэдэхэр хэґъэкІын хуейми яубзыхуат. Иджыри кьэс зытетри аращ. Комиссэм и гугъу тщІыхьэнкъыми, дэ а зэманым тхьбзэ ди Іэхэхакъым. Аращ урысыбзэм и мызакъуэу, нэґъуэщІ къэралыбзэми щыщхэр а бзэ дыдэмкІэ уэру кьыщІыхьыхар. А Іуэхури кьызэтезыґъэувыІэн къару щыІакъым ипэкІи иужькІи. Хэбґъэзэхьмэ, унэщІхэри урысыбзэ тхыкІэм пІалъэ кІыхькІэ тетащ. «Ныбжьэґъу» псалъэм и пІэкІэ «товарищ» жаІэрт. Урожайнэ кьуажэм адыґэбзэкІэ кьыщыдґъэкІыну щытащ «Во славу Родины» рабочай газетыр. Абы щІыґужщ «национализм» кьыІфІа-щыныи, политикэ щыуаґъэ я ІэщІэкІыныи егъэґъэкІыжьыну Кьухьэпіэм кьиґъэґуґа пэтми. ҐДР-р ФРҐ-м хагъэхьэжащ, абы кьулыкъу щызыщІа совет зауэлІхэм я псэуалъэхэр пудыбззу а къэралым иращэжри. А псори Горбачёв Михаил иригъэкІуэкІа зэхъуэкІыныґъэхэм ящыщ Іыхьэ мащІэщ.

Ельцинрыу утыку къохьэ

А псом ищІыґужкІэ хуабжьу зэІыхьат СССР-м и экономикэр. Горбачёв апхуэдизу дыхьэхуигъафІэ США-р Сауд Къэралыгъэм гурыІуэгъэ дунейм щІыдагъэм и уасэр егъэлеяуэ щІригъэжхуащ. А зэманым арат Совет Союзым ахъшэ хэхъуапІэ нэхъыщхьэу ильэ. Тыкуэнхэм зыри щІэпльыхтэкъым. Мис мыпхуэдэхэм дежь къыщІэкІ хабзэщ щыхьэсанылъэхэмрэ щыщІэныґъэхэмрэ я кьыщІэзэщакІуэрэ. А къэралэнр и пщэ дилъхьэжащ Горбачёв кьыстепльэ мыхъу Ельцин Борис. КПСС-м и ЦК-м и Пленумым гущІэґу кьыІэзэрыщыпсэлъым кьыхэкІыу, партым и Москва къалэ комитетым и ягъэ скерторь кьулыкъум триґъэкІа иужь, мурад ищІат щытыкІэр кьыхуэґъэсэбэпу ар лъэныкъуэ иригъэзэну икІи абы папщІэ хьэзыґт сытри ищІану. Къэралым и Іуэхуэр нэхъри зэІыхьэну, союз республикэхэм я унафэщІэр Москва и унафэм нэхъ пэІэщІэ хьурт, едэІуэжьыртэкъым. Пэжщ, щытыкІэр пхуэмыґъэзэкІуэжьынкъым: екІуэкІа Іэтэным кьыґъэпсэґъуэт щІэхуэм кьыґъэпсэґъуэн зэрительхэр. Ауэ абы нэґъуэщІу егупсысыґт зи жагъуэ ящІа Ельцинри. Арати 1991 гъэм дыґъэґъаэзм и пэщІэдзэм щІэрыІуэ хъуэ Беловежскэ мэзым щызэхуэсащ Урысейм, Украинэм, Белоруссием я Іэтащхьэхэр. Пэжу, иужьреитІым я мурадхэм заншІэу хьыхьэртэкъым СССР-р я кьутэжьынырэ. Украинэм и президент Кравчук Леонид щыґуфІыкІырт щІыпІэм щымыащІэ домбейхэм ещхьэкІуэну кьыльыкъуэкІа Іэмалым. Шушкевич Станислав хущІэкъунрт газым и уасэр Белоруссием хуклэрагъэхуныи. Ауэ Ельцины псэнщІэр псалъэмакъэр езыр зыхуэфм хуиґъэкІащ. МахуэкІэрэ щыри щакІуэрт, я гупэхэр СССР-м и пІэкІэ кьызэрагъэпэщыну СНҐ-м и проектым елэжьырт. Дауи, щызэґурымыІуэ Іуэхуэхэм кьыкъэкІырт, ауэ ахэри тралъэщІэжьырт. Мыпхуэдэхэм дежь кьагъэув хабзэщ: дыщцызґуэхьам дызэрыщытам хуэдэу дызыхэзвґъэкІыж. Абы щыґуэм Севастополи хэту Кьрым хьІыґу кьыкІуэр Урысейм ейі хьэжьрт. Ауэ ар Кравчук имыдэмэ, Іуэхуэр кьызэпыудынут. «Кьрымри дэ кьыґхуэнэжьрэ? - щІэупщІащ сакъыу Украинэм и Іэтащхьэр. «Кьыґхуэнэж - итыжащ жэуап Ельциным: а зэманым абы имыщІэн щыІэтэкъым Горбачёв и кьулыкъуэ Іэщ1ґъэкІыу езым властыр иубыдыну папщІэ.

ИпэкІэ зэрыжьІам хуэдэу республикэхэр зэбґрыкІыжьащ апхуэдиз зауэ-банэ щы-Іэнэтэкъым.

Горбачёв и дежкІэ дґъэзэжьынщи, абы иджыри зы Іэмал иІащ СССР-р кьригъэлыну. Белоруссием и спецназым (ар а мэзым кІуэрт кьызэхуэсэжьр ихъуэм щхьэусыґъэкІэ) Кремлым и унафэщІым хьыбар иригъэщІат Беловежскэ мэзым щызэхащІыхьэмкІэ, ар хьэзырт щыри игъэтІысыну. АрщхьэкІэ Горбачёв идакъым ейуэсу: щышынэрт кьриклуэнкІэ хъунум.

Адэкіэ Іэзхуэхэр зыхуэзкІуам дэ дыщыґуаэзщ.

Аращи, Горбачёвым СССР-р лъэрымыхь дыдэ ищІащ, Ельциным ар щІилъхьэжащ. Мыбдеж щызэхэтхьэкІыґуейщ хэт нэхъ къуанщэм.

● Дифі догъэлъапІэ

ЦІыху зыпІ цІыху уасэ хон

ИгъащІэ къандэрэ къоґуэґурыкІуэ мы псалъэжьыр анэм и лъапІагъэр, и бын къиІэтын папщІэ куэд дыдэм зэрызыхуиґэныкъуэр, и къаруи и зэмани зэремыблэжьыр кърагъэлъагъуэу. А ящэ быным зыхащІыкІыну я хьэкъщи, къагурыІуэмэ, къэзыльхуэкъми езыхэми я насыпщ. Уи гуащІэр, уи зэфІэкІыр сабийхэмрэ уи благъэ-Іыхьлыхэмрэ я мызакъуэу, къэралми къыщилъытэн и деж, ар зэрыґухэхъуэм шэч хэлъхьым. Апхуэдэу иджыблагъэ «Анэм и щІыхь» медалыр, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ, къыхуагъэфэщащ Лэскэн районым хьыхьэ Урыху (Къуґуэлъкъуэй) кьуажэм щыпсэу Хьэнэ Марие.

АР АРҐУДАН къуажэм, жьлэм пщІэ щызэІэ Шагъырхэ Мулидрэ Лолэрэ я унагъуэм къыщалъхьащ. Нэхъыжьыр щагъэлъапІэ, нэхъыщІэм щеущий, пэжыґъэмрэ щІыхуґъэмрэ щагъэнэхъапІэ унагъуэ дахэм, адэ-анэм я лъаґуныґъэм зыхагъэпскІыхьу, биних къыщыхъуащ. Уафэр пшэнщэ зэрымыхъум ещхьу, Шагъырхэ я унагъуэми гуауэм къыпикІухьакъым: пасэу дунейм ехьжащ я щІалэ Анзор, зэман дэкІри анэри яІащІэкІащ. Иджыпсту хъыджэбзипліРэ (Заремэ, Замирэ, ФатІимэ, Марие) зы щІалэрэ (Заур) я адэм и жьауэм щІэтщ, Тхьэм къэдґэкъащхьэщигъэт.

«МафІэм уезґъэсакъым, псым уезґъэхьакъым» псалъэхэр есэжа щІыкІэу бзыльхуґъэм я сабийхэм жраІэ хабзэщ. ЩІэблэр погуфІыкІри йожьэж апхуэдэхэм и деж, тІэкІу нэхъыжь е анэ ухъуа иужьиц а псалъэхэм купщІэшхуэ зэраІэр щызыхэпщІэр. Сыт хуэдиз къалэн хуей сабийр, и ныбэ умыґъэнэкъуэным щґъэжьауэ, и щхьэ кьыхъуэкІыхьу уи гур зэрыпичым деж щыщІэкІыжу?! Анэ лъаґуныґъэм нэхъ гуащІэрэ анэгум нэхъ кьаБзэрэ дунейм тету фІэщущІыґуейщ. Апхуэдэ пэсэ кьабзэу хьыджэбзитху епІ, ґъащІэм и ґъэзґу захуэм ахэр зэрыґригъэувэным йолІалІэ Марие. И закъуэу. Илъэс 21-кІэ зэдзпсэуауэ абы и щхьэґъуэсэ Іэниуар 2018 гъэм зэуззэпсэу дунейм екьжащ. Къуажэдэсхэм цІыхуфІу, хьэлэну, гу пщІанэу яґу кьинащ зи бынитхум я гуфІэґъуэ илъаґуну кьызыхуимыуха щІалэ хъарзынэр. И щхьэґъуэсэ зэращІымыґъужрэ нэхъ гумащІэж хъуами ярейщ Марие, сыту зыпІэмэ ар анэ къудейкъым, адэм и къалэн куэди и пщэ дилъхьэн хуей мэхъу, хьыджэбзхэм ныбжьэґъу яхуэмыхъууэн къанэркъым. Марие и пщэрылъ псом пылъхьэнэзу зэрыпэлъэщІыр жьыслэкІэ пцІыупс сыхъунукъым, и дуней тетыкІэ зыщІэхэр абы щыхьэт техъуэфынущ. Зэи пльагъэнукъым ар къэґубжьау

● Юбилей

Псалъэр Налшыкщ!

УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, зи IэщIагъэм хуэIэижь, зи радионэтынхэр куэдым фIыуэ ялъагъу Мыз Майе и ныбжьыр дыгъэгъазэм и 15-м илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу.

МыЗ (Сыжажэ) Майе Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Сыжажэ Талий ящыщщ жьлэм нэхъ пщIэ щызиIахэм. Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэми я ветерану, лэжьакIуэжьу, Зеикъуэ колхозым и пхъэщхьэмыщхьэ жыг хадэр IэщIэлъу хъерышхуэ колхозым кьахуихьу лэжьащ, хуабжьу цIыху жумарту зеикъуэдсхэм ар ягу кьинэжащ. Абы хуэдэ цIыху игугъэлъыхъуэнт, куэд къимыгъэщIами, и цIэфI дунейм кьыгринащ.

1974 гъэм БкБКъУ-р кьиуха нэужь, Майе ятIэщIыкIэ и зэфIэкI щеплъыжащ егъэджакIуэ, библиотекэм и лэжьакIуэ IэнатIэхэм. 1977 гъэм радиом и диктору лэжьэн щIидзащ. Абы лъандэрэ илъэс 40-м щIигъуами, ар диктор, редактор, нэтынхэр езыгъэкIуэкI лэжьыгъэхэм нобэр кьыздэсым хуэпэжщ. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и радиом и хъыбарегъащIэ редакцэм и редакторщ икIи категорие нэхъыщхьэ зиIэ и дикторщ, нэтынхэр ирегъэкIуэкI.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм фIы дыдэу ялъагъу Майе и макъыр. ЦIыхум и IэщIагъэм фIыуэ хищIыкIмэ, хуэпэжмэ, абы нэхъ насыпыр щыIэкъым. Апхуэдэ насыпыр Майе зыхещIэ. Радио едаIуэхэм ар фIыуэ къэзымыльагъурэ къэзымыцIыхуэр яхэту къыщIэкIынкъым.

Лэжьыгъэм теухуауэ ар гумызагъащ, жэуаплиныгъэ ин зыхэлъщ. И лажьэгъуэхэм зэрыжаIэмкIэ, Майе хьэл-щэн екIу, гъэсэныгъэ дахэ хэлъщ, цIыху Iэдэбщ. А цIыху жаным и дуней тетыкIэр я щапхъэщ а Iэнатlэм пэрыт щIалэгъуалэм. Лэжьэгъури, ныбжьэгъури,Iыхьлы-благъэри ирогушхуэ Майе.

- Нэхъ ипэIуэкIэ хъыбарыщIэхэр эфир занщIэу щекIуэкIым, зы медан Майе теплъэкIыжьыртэкъым, ятIэ итыр къыщIэкIмэ, езыр студиеи зэрыщIыхьэнум хуэхъэзыру бжэм и нэр кьыгримыхьиу пэплъэу. КъыкIэрыхуу е «си макъыр нобэ хъуркъым» щIыжиIэн щхьэусыгъуэ Майе къигъэхъуауэ тщIэжыркъым, - жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Махуэлі Хъаджэт. - Радиом лэжьэн щIидзэрэ диктором и макъ шэщIар къыщIыкIэ, къедаIуэхэм я фIэщ хъурт дунейм псори зэрыщытэмэщыр. Мис апхуэдэ арэзынигъэ къинэжу Майе илъэс куэд лъандэрэ мы радиом щолажьэ.

Зи нэгур зэпымыуха бзыльхугъэ зэпIэзэрытыр гуп хьихьэкIи лъхьэкIыжьыкIи зыщIэщ, гушыIэ дахэ зыхэлъщ, унагъуэ дахэм я жьауэщ. Iэху зэIуимыбзэхэм сыт щыгъуи хэкIыпIэ къыхуэгъуэтыр. Майе нобэ иринасыпыфIэщ и къуэ Заурбэч – бинищ, ипхъу Залинэ бинитху къаззрыщIэхъуам. И щхьэгъусэ Мыз Мухьэмэд «ЦIыхубэм щIэныгъэ егъэзгъуэтыныкIэ УФ-м и отличник», «КъБР-м егъэджныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэ лъапIэхэр къыхуагъэфэщат, филологие щIэныгъэхэм я кандидатт. ТIури зэхуэфащэ дыдэу зэрихьэлIат. Мухьэмэд пасэу дунейм ехыжами, Майе и бинитIми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ. Аха́р фIыуэ ялъагъу лэжьыгъэм пэрытхащ, я адэ-анэр я щапхъэу мэпсэухэр. Дунейм зы адэ-ани тету къыщIэкIынкъым и щIэблэм я екъуIэнэгъэм щымыгуфIыкIрэ абы иримыгушхуэрэ. Майе дамэ кьытезыгъакIэ и къуэрылухпхъурылъхуэм мы зэманым Москваръ Налшыкрэ я еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэт.

- Ялэ дыдэу радиом лэжьэн зэрыщыщIидзэрэ, Майе и макъ дахэм сыдиихьэхауэ содаIуэ. И макъ гуапэм иджыри зимыхъэужауэ и Iэнатlэм гурэ псэкIэ пэрытщ. Хуэфащэ дыдэу «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр кьыфащауэ зэрехьэ, - жеIэ КъБР-м и цIыхубэ артист, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и «Макъамэ» сабий пшынауэ ансамблым и художественнэ унафэщI, пшынауэ Iэзэ Къэдзэ Iэбубэчыр. – ИлъэсыщIэ дызыхуэкIуэм узыншэу техьэну, и щIэблэм я гуфIэгъуэ илъагъуу и лэжьыгъэм иджыри илъэс куэдкIэ пэрытыну сохъуэхъу Майе!

Радиом и лэжьыгъэм Мызыр хуэIэзэщ, а Iэнатlэм кьыхуигъэщIам хуэдэу. «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтыным хыхьэу абы эфир занщIэкIэ цIыху куэд къигъэпсэльащ, цIыхубзхэм папщIэ «Мэлычыпхъ» радиожурналыр иригъэкIуэкIащ. Мы зэманым и къалэн нэхъыщхьэр хъыбарыщIэхэр игъэхьэзырынращи, а Iэхэур Майе фIы дыдэу къэхъулIэ, адыгэбзэ я кьабзэкIэ къэхуокъащIэхэм республикэм исхэр дыщегъэгъуазэ. Майе зыпэмыльэщын къудамэ радиом иIэкъым. Къедаlуэхэм абы и нэтынхэр ягу зэрыдыхьэм и щIэхьэтщ псалъэ гуапэ куэд кьызэрыхатхар, усэ нэгъунэ зэрыхуэзхалъхьар.

- Дыззрыстудентрэ Майерэ сэрэ дызэрощIыху. Абы лъандэрэ зэман дэкIами, ар иджыри жанщ, кьабзэщ, псоми гу льитэу набдзэгубдзаплъэщ. Мы дениём цIыху дахэ къэтмэ, Майе абыхэм я щIидщщ. И теплъэм хуэдэу, абы и псэри дахэщ. ГъащIэм сыт щыгъуи щыгуфIыкI цIыхуу. Абы дапщэщи и гур лэжьыгъэм хуэхъабзэщ. ЖьпIэнурамэ, Майе и гъащIэр кьыгуэхьилIэ имыIэу радиом иригъащ. Ар кьыщIыкIэрыхуа е и лэжьыгъэр и пIалъэм щимыгъэзэщIа къэхъуауэ сщIэжьыркъым. Сыт щыгъуи и лэжьыгъэ Iэхэур и щхьэ Iэхэум ялэ изыгъэщIащ ар. Республикэм исхэм ящыщу ар здынэмысрэ къимыгъэпсальэрэ къэгъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ зырыз кьыхуегъуэтыф, мывэр кьыхуэмыгъэпсэльэну пIэрэ зэрыжьпIэну. Ар куэд и уасэщ. Гупым къызэрытхэтым и гугъу пщIымэ, ар щапхъэщ. Кьыпхуэмыдэтэну абы цIыхугъэшхуэ дыболъагъу. Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ дахэ кьыхуегъуэтыф. Майе журналист гъуэзэджщ, пщIэ зыхуащI цIыхуу. Нэхъыщхьэращи, радиом едаIуэхэр зэпымыуэу абы и псалъэм, и нэтынхэм кьыпопIэ. Сэ сригушхуэ Майе и лэжьакIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ. Тхьэм тхуигъэпсэу! - жеIэ радиом и адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр.

- Майе лъэпкъым кьызэрытхьыхьэр дигъэгушхуэу, дигъадахэу, нэмыс кьытхуиущIу, гу зыIулъмытэм лъыдигъатэу кьыддогъуэгурыкIуэ. Ар цIыхугъэшхуэ зыхьэлIащ, ди лъэпкъым и пщIэ къэзыIэжьа, еш зымыщIэ цIыхуу. И лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, цIыхуищым зэфIагъэкIыфынур абы и закъуэу илэжьыфынущ. ЦIыху щIепкъащ, нэхъыжьым пщIэ, нэмыс хуэзэщIащ, дыхуэарэзыщ, - жеIэ и пщыкъуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Ахьмэд.

Къэралым, республикэм и журналистикэм хуиущIа хэлъхьэныгъэфIэр къалъытэрэ, Майе къыхуагъэфэщащ УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым я рескомым, СССР-м и Къэралтелерадиом, УФ-м щэнхабзэмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхьылъэр. Абы и дежкIэ, дауи, кьрата дамыгъэ лъапIэхэм нэхъыр дауи, нэхъ лъапIэжщ къедаIуэхэм кьрагъэзэ дзыхьыр, и макъым кьызэрыхуэзэшыр.

Мыз Майе узынщагъэ быдэ иIэу иджыри илъэс куэдкIэ фIыуэ ялъагъу Iэнатlэм пэрытыну, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Гъусэ Залинэ Урысей пощтым Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Псынэдахэ къуажэм дэт и къудамэм и унафэщIщ. Илъэс къудейщ Iэнатlэм зэрыпэрыувэрэ дэкIар. ИтIанэми, лэжьыгъэм хэзэгъащ, мурад и куэдщ, и къалэнхэр фIыуэ егъэзащIэ. Си гуапэу фыщIызогъэгъуазэ абы ди упщIэхэм къарита жэуапхэм.

- Залинэ, узиунафэщI пощтым и лэжьыгъэм къытхутепсэльэныкIыт.

- Си Iэнатlэм сызэрыпэрыувэрэ куэд щIакъым. 2021 гъэм Псынэдахэ пощтым и пощтзэхьэу щыщIэздзащ. Абы и унафэщIыр IукIыжьын хуей хъуати, - сегъэуващ Псынэдахэрэ Бэтэкъуэ Iуэхутхьэбзэкъ къызэщIэзэыубыдэ пощтым и унафэщIу. Мыбы лэжьыгъэ щIэлъ жыпIэмэ, щIэльщ. Къуажэдэхэм я псэукIэр дэри зыгуэркIэ къыдэльытауэ си гугъэщ, дыщIыхьэ кIуапIэщ.

Уэздгъэм, газым, телефоным я уасэхэр, пхъэнкIий дэшыпщIэр, автомобиль къуэдыхэр, налог зэмылIэужьыгъуэхэр, кредитхэр – ахэр псори пощтым щызэфIокI. Абы нэмыщI щыIыхуэм зэхуэрагъэхь къэпшыпхэр, письмохэр ди деж щызэIэпахыну тынщщ. Дэфтэрхэмрэ ахъшэхэмрэ екъэлIа электрон Iэхэутхьэбзэхэри яхудощIа къуажэдэхэм. Худачыхэр зиIэ, пенсэхэр, сабий ахъшэхэр пощтзэхьэхэм унагъэщхьэрыкIыу ягъушыж. Ди деж Iэ щытрадзэ мэхъу республикэм кьыщIэкI газетхэм. А псом нэмыщI, къуажэдэхэм я лъэIукIэ пощтым кьыщызэдгъэпэщащ нэгъуэщI зы Iэхутхьэбзэ: зи узынщагъэм къимыхьэм, унэм кьыщIэмыкIыф жьыкIэфэкIэхэм зыхуеину хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэмрэ ди пощтзехьэхэм я унэм хуахьурэ иращэ.

Ауэ мыпхуэдэ зы Iэхугъуэ щIиIэщ. Иджыпсту къуажэхэм кьыщежьащ «курьер» жьхуаIэр. Языныкъуэ нэхъыжьхэм я пенсэхэр абыхэм я унэм ирагъэхьыж пщIэкIэ. Абы щыгъуэми, дэ яIэрыдгъэхьэжьфынутэкъэ пщIэ лей щIамащ?!

- КъуажитIми къалъысу пощтзехьэ дапщэ фиIэ?

-Ди пощтзехьитIыр, Уэзрокъуэхэ Залинэрэ Алинэрэ, я лэжьэкIэм арэзы сыкъещI. Махуэ къэс абыхэм километри 6 - 7 кьыщхьакIуэ. Арэзы сыкъащIынутэкъым, цIыхухэр пощт IэхуэкIэ зыхуэкI нэсу хуамыгъэзэу щытамэ. Бэтэхи Псынэдахи щыпсэухэр Хьэтхуэарэзыуэ си гугъэщ. IэхуэкIэ къыщIыхьэмэ, фIыщIэ кьытхуащI.

- «Адыгэ псалъэ» газетыр традзэныр дауэрэ щекIуэкIрэ фи деж?

- «Адыгэ псалъэ» газетыр ди деж щытезыдзэр нэхъыбэу ди нэхъыжьыфIхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуажэм нэхъыжьу дэсыр машIэ мэхъу. Газет зэбгрыхыным теухуауэ ди деж Iэпэощхьэпо щыIэкъым. Къыщыкlуа махуэм ягуэшыж, уэзух кьешхми уэс кьесми – зыри ди щхьэусыгъэкъым.

- Адыгэ газетыр адыгэ унагъуэ хэзыт илъыныр хабзэфIт...

- Ар лъэпкъым, бзэм теухуауэ диIэ гуныкIуэгъуэхэм ехьэлIэжащ газетыр унагъуэ псоми зэрримыIыр. Нэхъыжьхэм газетыр яIэщIэлъэрэ нэхъыщIэ къадэгупльэкIэм ар щапхъэ яхуэхъуу, хъыбарыщIэхэм, тхыгъэ щIэщыгъуэхэм анэдэлъхубзэкIэ еджэу щытамэ, хэт и дежкIи нэхъыфIт. Иджьпсту интернетри утыку кьихьащи, я телефонхэм кьрыраГадзэуэрэ хьэбархэм кьоджэф. Ауэ ар пэхъуну си гугъэкъым Iэкlэ IэщIэлъу узыщIаджьыкIым. Ныбжьыщ Iэ куэдым адыгэбзэр фIыуэ ялъагъу, ауэ абыкIэ еджену яфIэгугъущ. Ар, дауи, нэхъыжьхэм я кIуаншагъэщ.

Ауэ дэри Iэхуншэу дыщысскъым. Iэ традзэну къыхуодджэ къэкIуалIэхэр, газетхэр щапхъэу ядогъэлъагъу. Сэ си WhatsAp-мкIэ цIыхухэм садогуашэ газетым и къыщIэтхыкIыгъуэ зэманым теухуа хъыбархэмкIэ. Газетхэм я сурэт дахэхэр статус жыхуэтIэм хуэдэу къытхэогъэувэ, фи газетым цыварэхьэзыр видео кIэщI цыкIухэри солъагъу – ахэри сэ къызэгъэсэбэп. Си гугъэщ дяпэкIэ адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газет закъуэр унагъуэ нэхъыбэм ихьэныкIэ сэбэп сыхъуну. Абыкъэ силэ гудзэхэр нэхъри ин ещI си езыр адыгэбзэм сызэрыхуеджами.

- Сыт уи лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэр?

- Сытрегъэгушхуэ ди нэхъыщхьэхэм я щытхъэ щIэхъыжьэ зэрызэхэсхьэм. Псынэдахэ поштыр хабжэ щIыналъэм щынэхъыфIхэм. ФIыщIэ сощI иджьблагъэ ди Iэхуэщ-пIэр дахэу, хуиту, къабзэу зэрытхуэзэрахьамкIэ. ХуабагъкIэ тэмэму къызэрагъэпэщащ, унащхьэр зэрахъэжащ, унэльащIэхэр зэрыпсэу я щIагъэрэмри, лэжьыгъэм теухуауэ мурадхэр зэрызыIэми.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Анэдэлъхубзэкlэ еджэу щытамэ...

● Ди псэлъэгъуэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр ди деж щытезыдзэр нэхъыбэу ди нэхъыжьыфIхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуажэм нэхъыжьу дэсыр машIэ мэхъу. Газет зэбгрыхыным теухуауэ ди деж Iэпэощхьэпо щыIэкъым. Къыщыкlуа махуэм ягуэшыж, уэзух кьешхми уэс кьесми – зыри ди щхьэусыгъэкъым.

Адыгэ газетыр адыгэ унагъуэ хэзыт илъыныр хабзэфIт...

- Ар лъэпкъым, бзэм теухуауэ диIэ гуныкIуэгъуэхэм ехьэлIэжащ газетыр унагъуэ псоми зэрримыIыр. Нэхъыжьхэм газетыр яIэщIэлъэрэ нэхъыщIэ къадэгупльэкIэм ар щапхъэ яхуэхъуу, хъыбарыщIэхэм, тхыгъэ щIэщыгъуэхэм анэдэлъхубзэкIэ еджэу щытамэ, хэт и дежкIи нэхъыфIт. Иджьпсту интернетри утыку кьихьащи, я телефонхэм кьрыраГадзэуэрэ хьэбархэм кьоджэф. Ауэ ар пэхъуну си гугъэкъым Iэкlэ IэщIэлъу узыщIаджьыкIым. Ныбжьыщ Iэ куэдым адыгэбзэр фIыуэ ялъагъу, ауэ абыкIэ еджену яфIэгугъущ. Ар, дауи, нэхъыжьхэм я кIуаншагъэщ.

- Адыгэ псалъэ» газетыр традзэныр дауэрэ щекIуэкIрэ фи деж?

- «Адыгэ псалъэ» газетыр ди деж щытезыдзэр нэхъыбэу ди нэхъыжьыфIхэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуажэм нэхъыжьу дэсыр машIэ мэхъу. Газет зэбгрыхыным теухуауэ ди деж Iэпэощхьэпо щыIэкъым. Къыщыкlуа махуэм ягуэшыж, уэзух кьешхми уэс кьесми – зыри ди щхьэусыгъэкъым.

- Адыгэ газетыр адыгэ унагъуэ хэзыт илъыныр хабзэфIт...

- Ар лъэпкъым, бзэм теухуауэ диIэ гуныкIуэгъуэхэм ехьэлIэжащ газетыр унагъуэ псоми зэрримыIыр. Нэхъыжьхэм газетыр яIэщIэлъэрэ нэхъыщIэ къадэгупльэкIэм ар щапхъэ яхуэхъуу, хъыбарыщIэхэм, тхыгъэ щIэщыгъуэхэм анэдэлъхубзэкIэ еджэу щытамэ, хэт и дежкIи нэхъыфIт. Иджьпсту интернетри утыку кьихьащи, я телефонхэм кьрыраГадзэуэрэ хьэбархэм кьоджэф. Ауэ ар пэхъуну си гугъэкъым Iэкlэ IэщIэлъу узыщIаджьыкIым. Ныбжьыщ Iэ куэдым адыгэбзэр фIыуэ ялъагъу, ауэ абыкIэ еджену яфIэгугъущ. Ар, дауи, нэхъыжьхэм я кIуаншагъэщ.

Ауэ дэри Iэхуншэу дыщысскъым. Iэ традзэну къыхуодджэ къэкIуалIэхэр, газетхэр щапхъэу ядогъэлъагъу. Сэ си WhatsAp-мкIэ цIыхухэм садогуашэ газетым и къыщIэтхыкIыгъуэ зэманым теухуа хъыбархэмкIэ. Газетхэм я сурэт дахэхэр статус жыхуэтIэм хуэдэу къытхэогъэувэ, фи газетым цыварэхьэзыр видео кIэщI цыкIухэри солъагъу – ахэри сэ къызэгъэсэбэп. Си гугъэщ дяпэкIэ адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газет закъуэр унагъуэ нэхъыбэм ихьэныкIэ сэбэп сыхъуну. Абыкъэ силэ гудзэхэр нэхъри ин ещI си езыр адыгэбзэм сызэрыхуеджами.

- Сыт уи лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэр?

- Сытрегъэгушхуэ ди нэхъыщхьэхэм я щытхъэ щIэхъыжьэ зэрызэхэсхьэм. Псынэдахэ поштыр хабжэ щIыналъэм щынэхъыфIхэм. ФIыщIэ сощI иджьблагъэ ди Iэхуэщ-пIэр дахэу, хуиту, къабзэу зэрытхуэзэрахьамкIэ. ХуабагъкIэ тэмэму къызэрагъэпэщащ, унащхьэр зэрахъэжащ, унэльащIэхэр зэрыпсэу я щIагъэрэмри, лэжьыгъэм теухуауэ мурадхэр зэрызыIэми.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Волейбол

Къадир и фэеплъу

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и офицерхэр хэтащ КъБР-м щIыIэ МВД-м и «Эльбрус» СОБР-м и унафэщIу щыта, полицэм и полковник Щоджэн Къадир Абдулэхь и къуэм и фэеплъу волейболымкIэ зэхьэзэхуэу ирагъэкIуэкIынур къыщыIэтуахьм.

НАПШЫК къалэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр зыхэта зэпеуэр къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэм. Урысей гвардием и ветераным и фэеплъым пщIэ хуащIу къызэхуэсат абы къыдэлэжьаназр, щыналъэ министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ къикIахэр.

- Дэ пщIэ худощI ди лIыхъужьым - Щоджэн Къадир Абдулэхь и къуэм, и лэжьыгъэм фIыуэ хищIыкIыу, щхьэмыгъазэу зи кьалэнхэр зыгъэзэщIам. Ар хьэзыгъ зыкъыщIигъэкъуэну, зэи укьиригъэщIэхъунутэкъым, тщIигъуащ лIыгъэ хэлъу, цIыху щIпкъэу икIи сыт щыгъуи ди гум илъынущ. Зэхьэзэхуэм хэт дэтхэнэми екъулIэныгъэ фиIэну, нэхъ лъэщыр текIуэну ди гуапэщ, - захуигъэзащ къызэхуэсахэм полицэм и майор Лыкъуэжь Маринэ.

Командих зыхэт зэхьэзэхуэр Iыхьлиплу гуэшауэ екIуэкIынущ. Республикэм и щалэгъуалэр хэкупсэу къэгъэтэджкIэ мурадкIэ Щоджэн Къадир и фэеплъ турнирыр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну унафэ ящIащ.

Щоджэн Къадир Абдулэхь и куэр СОБР-м щылэжьащ ар къыщызэрагъэпэща 1993 гъэм къыщыщIидзауэ, 2002 - 2019 гъэхэм абы и унафэщIу щытащ. Къалэныр щрихьэкIа илъэсхэм къыхуагъэфэщащ «ЛIыгъэм и орден», «Хэкум и пашхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и медалым и I, II нагъыщIэр, «Хэкум и пашхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и IV нагъыщIэр, «Хахуагъэм папщIэ», «Дзэм хэтхэм я зэныбжьэгъугъэм зэрыхуэпэжым папщIэ», «Къулыкъум щиIэ щIыхьым папщIэ», «Дзэ щIыхьым папщIэ» медалхэр, «Къулыкъум къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» медалым и I, II, III нагъыщхэр, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ республикэм и Правительствэмрэ, Урысей МВД-м, КъБР-м щыIэ МВД-м я щIыхь тхылъхэр. Абы къыфащащ «Дагъыстан республикэм щIыхь зиIэ и щIэри».

УАРДЭ Женя.

● Футбол

Бахъсэн щIыналъэр нэхъ хуэхьэзырт

Ди республикэм футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и етIуанэ джэгугъуэр щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтащ. Абы иужькIэ нэрылъагъуэ зэхьэзэхуэм бжыпэр щауфыдащ Бахъсэн районым и командхэм.

ГъЭМАХУЭ зэпеуэм текIуэныгъэр къыщызыхьа, нэгъабэрей щIымахуэ чемпионатым «Тэрчым» фIэкIа зыри зи яIэ изымыгъэща Бахъсэн и «Автозапчасть»-р пэщIэдзэ зэIуцIтIми бжыгъэшхуэкIэ щытекIуащ. Иджы ар 3:0-у ефIэкIащ Налшык и «Локомотив»-м.

ЕтIуанэ джэгугъуэми щытекIуащ Зеикъуэ и «Шагъдийр». Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм къикIахэм абы яхудигъэкIа топитхум и жэуапу хъэщIэхэм къратыжар зы закъэщ.

Зэхьэзэхуэм бжыпэр щызыубыда «Автозапчасть»-мрэ «Шагъдиймрэ» ерыщу кIэлъоIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэр бжыгъэшхуэкIэ хэзыгъэщIа «ХьэтIохъущыкъуейр». Апхуэдизу дыдэ очко – плIырплI – иIэщ «Ислъэмеймрэ» «Бабугент»-мрэ.

КIэух увыпIэхэм къыщыхутащ пэщIэдзэ зэIуцIтIри зыфIахьа «КъБКъУ»-мрэ иджыри къэс зэхьэзэхуэм къыхэмыхьа «Мурбек-ФШ»-мрэ. Иужьыр республикэм и адрыщIкIэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм иджьпсту щыхэтщи зэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIымахуэ чемпионатым кьрихьэлIэрыкъым. БлигъэкIа джэгуГъуэхэр мыгувэу иригъэкъужьну ар хуит ящIащ.

ЩIыIа адрей зэIуцIэхэм къахэгъэщхьэхухкIыпхъэщ чемпионыгъэр зыIэщIэль «Тэрчыр» «ГорИС»-м зэрыпэмылъэщар икIи очкоитI занщIэу фIэкIуэдауэ зэпеуэм зэрыхьихьэр. Ялэ джэгуГъуэр джьлахьстэнейдэсхэм благъэкIащ, «Мурбек-ФШ»-м Iущ1эн хуеяти.

Топ куэдкIэ зэхъуэжауэ, ауэ текIуэныгъэр зыми Iэрымыхьауэ зэбгъэдэкIыжащ Къэрэгъэш и «Иналымрэ» Налшык и «Спартак-Д»-мрэ. Апхуэдэ дыдэу ящIащ Алтуд и «Искра»-мрэ «ИслъэмеймрэI».

«Бабугент»-м хуабжьу гугъу зригъэхьын хуей къуажэм дэсу, Псыгуэнсу къуажэм икIахэр хагъэщIэн папщIэ. Абыхэм я зэщхьэщIыкIыныгъэр зы топ закъуэщ.

Адэкlэ фыщыдогъэгъуазэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатым и етIуанэ джэгуГъуэм кърикIуэ бжыгъэхэм псоми. Мис ахэр: **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) – **«Локомотив»** (Налшык) – **3:0**, **«Тэрч»** (Тэрч) – **«ГорИС»** (Налшык) - **1:1**, **«Инал»** (Къэрэгъэш) - **«Спартак-Д»** (Налшык) - **3:3**, **«КъБКъУ»** (Налшык) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (ХьэтIохъущыкъуей) – **0:3**, **«Бабугент»** (Бабугент) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **2:1**, **«Шагъдий»** (Зеикъуэ) – **«Шэджэм-2»** (ШэджэмЕтIуанэ) – **5:1**, **«Искра»** (Алтуд) – **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) – **1:1**. Нэхъ иужьыIуэкIэ ягъэIэпхъуащ **«МАХ»** (Малкэ) – **«Мурбек-ФШ»** (Налшык) зэIуцIэр.

КъыкIэтыкIуэ джэгуГъуэр дызыхуэзкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зэхэтынущ. А махуэхэм зэIуцIэнущ: *дыгъэгъазэм и 17-м* - «Ислъэмей» - «Спартак-Д», «Автозапчасть» - «Бабугент», «Искра» - «Мурбек-ФШ», «Тэрч» - «Локомотив»; *дыгъэгъазэм и 18-м* - «Инал» - «Шэджэм-2», «КъБКъУ» - «Псыгуэнсу», «МАХ» – «ГорИС», «Шагъдий» - «ХьэтIохъущыкъуей» командхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.
Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ чемпионатыр зэрекIуэкIыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	**2**	**2**	**0**	**0**	**8-2**	**6**
2. «Шагъдий»	**2**	**2**	**0**	**0**	**7-2**	**6**
3. «ХьэтIохъущыкъуей»	**2**	**1**	**1**	**0**	**4-1**	**4**
4. «Ислъэмей»	2	1	1	0	5-3	4
5. «Бабугент»	2	1	1	0	3-2	4
6. «Шэджэм-2»	2	1	0	1	4-6	3
7. «Искра»	2	0	2	0	2-2	2
8. «Тэрч»	1	0	1	0	1-1	1
9. «МАХ»	1	0	1	0	0-0	1
10. «Спартак-Д»	2	0	1	1	4-5	1
11. «Псыгуэнсу»	2	0	1	1	1-2	1
12. «Инал»	2	0	1	1	4-6	1
13. «ГорИС»	2	0	0	1	3-6	1
14. «Локомотив»	2	0	0	1	0-3	1
15. «Мурбек-ФШ»	**0**	**0**	**0**	**0**	**0-0**	**0**
16. «КъБКъУ»	**2**	**0**	**0**	**2**	**1-6**	**0**

● УФСБ-м къет

Мылъкуншэ хъуным хуигъэкIуащ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэм пощIэт Iэхуэхэр ирагъэкIыжу къызэпуадащ Петровхэ я цIэр зезыхьэ мэкъумэщ Iэхуэщ-IапIэм и лэжьакIуэу щытахэм я зым, ар банкротствэм хуэгъэкIуэным пыщIауэ зэрихьэ хабзэнщагъэр.

Бзаджащэм предприятэм сом мелуан 15-м щIигъу щыIэхэ зэрытелъым щыгъуазэмэ, ар ящIибзыщIащ колхоз правлением хэтхэм икIи ищIэу Iэзхуущ1апIэр мылькуншэ хъуным хуигъэкIуащ.

УФ-м и Следственнэ комитетым КъБР-м щиIэ управленэм и Прохладнэ район къудамэм уголовнэ Iэхуэ къиIэтащ, УФ-м и УК-м и 196-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ.

Хабзэм къызэрригъэувыжмкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр зыIэжьар илъэси 6-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщIэмыщI Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;

унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;

жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;

секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхуэщ1апIэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.748
Заказыр №2514

12+

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхъа бжыгъэхэм, къыщIэта Iэхуэгугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iэхуэ елпъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIи пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня**, *корректорхэу* **Нэужькоъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу,* **Елмэс ФатIимэ.**

Компьютерхэр I газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

**«Издательство «